



Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK LA PRAL REYOUVRI ESTATI LIBÈTE A AK ZILE ELLIS LA

Estat Libète a ak Zile Ellis la pral Reyouvri pou Piblik Demen - Bidjè Touris Eta ap Konplètman Fnanse Ouvèti a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York la pral reyouvri Estati Libète a (Statue of Liberty) ak Zile Ellis la. Alaswit fèmte gouvènman federal la, eta a pral konplètman finanse depans pèsonèl ak operasyon Sèvis Pak Nasyonal la (National Park Service) yo k ap koute 65,000 dola pa jou pou kenbe Moniman Estati Libète a ak Zile Ellis la ouvè pou vizitè yo. Pak la pral reyouvri demen.

“Estat Libète a se yon senbòl libète ak opòtinite pou tout moun, epi se yon move enjistis lefèt disfonksyonman administrasyon sa te lakoz li fèmen an. Lè administrasyon an eseye depòte imigran yo, lè yo fèmen Estati Libète a, yo ap atake jan de moun nou ye”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “New York pral toujou defann valè fondamantal ki vrèman rann nasyon nou an gran. Eta New York la pap pèmèt mechanste Washington yo fè yo fèmen Estati Libète a. Jodi a, mwen fyè pou m anonse Eta New York la pral kenbe Estati Libète a ouvè Disfonksyonman Gouvènman Federal la te eseye fèmen l nan fason senbolik. Nou pral kenbe l ouvè de fason literal.”

Lidè Majorite Sena a, John J. Flanagan, te deklare, “Estat Libète a se yon senbòl entènasyonal ak yon flanbo espwa, epi li sèvi kòm youn nan pi gran atraksyon touris vedèt nan eta ak nan peyi a. Demokrat ak Repibliken isit la nan New York yo dakò li dwe rete ouvè epi pou l kontinye akeyi touris ak lòt moun kèlkeswa nenpòt diferans politik ki ta ka genyen onivo feredal. Mwen remèsye patnè nou yo nan gouvènman eta a paske nou ap travay ansanm pou rann sa vin yon reyalite.”

Carl Heastie, ki se Oratè, te deklare, “Madam Libète ap briye kòm yon flanbo espwa ak opòtinite pou moun toupatou nan mond lan epi se yon senbòl demokrasi dirab nou an. Nou dwe kanpe kont politik lahèn Prezidan Trump lan yo pandan fèmte gouvènman sa a epi mwen fyè paske isit la nan New York nou pral pote kontribisyon nou pou asire yo tande vwa nou epi pou Estati Libète a rete ouvè.”

Nan kad akò Gouvènè Cuomo fè ak Sekretè Depatman Enteryè a (Department of the Interior), Ryan Zinke, Eta a pral peye pou yo reyouvri pak la pandan fèmte gouvènman federal la ap kontinye a. Pak la ap louvri ak fonksyone nèt jan sa te konn fèt. Eta a ap peye gouvènman federal la 65.000 dola pou chak jou pak la louvri.

Moniman Nasyonal Estati Libète a ak Zile Ellis la gen yon trè gran enpak sou ekonomi Eta New York la. Daprè yon rapò anyèl Sèvis Pak Nasyonal la te fè, 4.5 milyon moun te vizite Zile Libète (Liberty Island) nan ane 2016 la, sa ki te jenere 263.2 milyon dola nan depans vizitè yo pa ane epi ki te sipòte 3,400 djòb, ak 364 milyon dola kòm randman ekonomik.

Kòm sekans fèmte a, yo te refize aksè a 10,000 vizitè an mwayèn ki vin nan pak la chak jou, sa te afekte plis pase 900 djòb dirèk nan Estati Libète a ak Zile Ellis la, ki gen ladan djòb nan Sèvis Pak Nasyonal la ak Evelyn Hill, Inc. Statue Cruises ki ofri trajè nan bato pou ale sou zile a te remake kantite pasaje yo konn gen pa jou yo redwi ant 50-70 pousan, epi konpayi a gen 200 djòb ki a risk.

Pandan gouvènman federal la te fèmen an 2013 la, Gouvènè Cuomo te reve jwenn prèske menm [akò](#) a pou yo te itilize finansman touris Eta a pou yo ka reyouvri Estati Libète a.

Mike Burke, ki se Direktè Operasyon Statue Cruises la, te di, “Sa fè dezyèm fwa Gouvènè Cuomo te entèveni pou asire vizitè yo kapab jwi Estati Libète a pandan fèmte gouvènman federal la, epi pou anplwaye yo ka kontinye travay epi kontinye ofri vizit yo chak jou. Mwen remèsye gouvènè a pou mezi rapid, desiziv li pran pou l minimize enpak sou vizitè ak biznis ki depann de sektè touris la yo.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418